

# Kòman pou li yon relvenòt lekòl segondè

Dosye elèv ede lekòl, elèv ak fanmi yo suiv pwogrè akademik yo. Elèv, ansyen elèv, paran ak responsab elèv gen dwa pou yo wè ak jwenn kopi dosye yo jan yo di sa nan [Deklarasyon sou Dwa Paran](#) ak [Deklarasyon sou Dwa Elèv](#) Depatman edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE). Dosye lekòl suiv elèv la soti nan youn ale nan yon lòt lekòl nan sistèm NYCDOE a. Dènye lekòl yon elèv frekante se pi bon plas pou kòmanse chèche dosye elèv la. Pou plis enfòmasyon, gade <http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/StudentRecords/Transcripts>.

## Kisa yon relvenòt ye?

Yon relvenòt se dosye konplè ofisyèl kredi lekòl segondè, nòt final ak egzamen elèv la pran nan NYCDOE. Li gen tout kou ak egzamen elèv la pran pandan lekòl segondè li.

Gen de diferan vèsyon relvenòt ou ka mande: youn yo rele "relvenòt pou elèv" yo òganize l an ane ak tèm. Lòt la, "dosye pèmanan elèv" la, gen enfòmasyonan men yo òganize l an domèn sijè. Lekòl ou a gen dwa rele nenpòt ladan yo "relvenòt."

## Ki objektif relvenòt la?

NYCDOE itilize enfòmasyon ki sou relvenòt la pou wè ki kou ak egzamen yo dwe planifye pou yon elèv pou li ka rete sou wout pou gradyasyon.

Kolèj avèk lòt enstitisyon apre segondè itilize relvenòt tou pou wè si elèv satisfè kritè pou admisyon yo. Anplis, ou ka prezante relvenòt kòm prèv ou gradye lekòl segondè ba konpayi ki pral anplwaye w ak ba lame.

## Kijan mwen ka jwenn yon kopi relvenòt mwen.

Lekòl segondè jeneralman bay elèv yon relvenòt ki pa ofisyèl detanzantan pandan yo nan lekòl la. Sa pèmèt elèv ak fanmi yo tcheke relvenòt la pou wè si pa gen erè ak poze kesyon sou enfòmasyon ki ladan.

Si w se paran oswa responsab yon elèv ki poko gen laj 18 ane, ou ka mande lekòl ou a yon relvenòt nenpòt lè nan ane lekòl la. Si w se yon elèv ki nan yon lekòl NYCDOE kounye a, ou ka mande konseye pedagojik ou a yon relvenòt tou nenpòt lè.

## Ki kesyon mwen ka poze lekòl mwen an?

- Ki lè w ap atann pou pitit mwen an gradye?
- Ki kredi oswa egzamen li toujou bezwen?
- Ki kou ak egzamen y ap planifye pou l pran tèm pwochen an?
- Kijan mwen ka ede l fè pwogrè?

## Èske w konnen ?

Chak elèv nan Vil Nouyòk dwe pran 44 kredi, yo distribye yo atravè domèn sijè espesifik, ak pase egzamen espesifik pou yo ka gradye. Jwenn plis enfòmasyon sou egzajans pou gradyasyon sou entènèt nan [www.schools.nyc.gov/RulesPolicies/GraduationRequirements](http://www.schools.nyc.gov/RulesPolicies/GraduationRequirements). Lekòl ou a gen kat gradyasyon tou ki souliye kredi ak egzamen ki obligatwa, ki baze sou ane elèv la antre nan klas 9yèm ane

Elèv ak paran oswa responsab elèv gen dwa pou mande enfòmasyon alekri osijè règleman pou lekòl la bay nòt. Kontakte konseye pedagojik ou a oswa direktè lekòl la pou jwenn yon kopi règleman pou yo bay nòt la pou kapab aprann kòman lekòl ou a mezire ranman akademik.

Avèk yon kont lekòl NYC, paran ak responsab elèv kapab gade prezans, nòt, evalyasyon, orè ak enfòmasyon kontak yo nan 10 lang sou konpitè, nan telefòn oswa tablèt. Si w deja gen yon kont lekòl NYC, ale sou <http://mystudent.nyc> pou antre nan kont ou. Pou ou anrejistre pou yon kont lekòl NYC, ale nan lekòl ou a oswa anrejistre sou entènèt nan [www.schools.nyc.gov/RulesPolicies/StudentRecords/NYCschools](http://www.schools.nyc.gov/RulesPolicies/StudentRecords/NYCschools).

**Kiyès ki ka mande èd? Pale avèk konseye pedagojik ou a oswa direktè lekòl la:**



**Kondisyon pou gradyasyon NYC**



**Pwogrè to gradyasyon**



**Règleman lekòl ou a pou bay nòt**

Dosye pèmanan elèv

NON LEKÒL LA

<b>1 Name / Id : STUDENT'S NAME / OSIS#####</b> <b>Address : STUDENT'S ADDRESS</b> <b>Ph# : ##### Ofcl : XXX Grade Level : 09 Status : A</b> <b>Admit Date: 08/01/2015 Discharge Date :</b> <b>DOB : 01/01/2002 Gender : X Graduation Date :</b> <b>Parent : PARENT'S NAME Counselor : COUNSELOR'S NAME</b>						
<b>English / ESL / 1</b>						
2015 / 1	01M957	EES81	ENGLISH 9	86	GAUTHIER	1.00 / 1.00
2015 / 2	01M957	EES82	ENGLISH 9	84	GAUTHIER	1.00 / 1.00
Subject Area Average : 85%				Subject Area : Actual Credits / Credits Earned : 2.00 / 2.00 Credits Averaged : 2.00		
<b>Social Studies / 2</b>						
2015 / 1	01M957	HGS41	GLOBAL STUD 9	73	PARK	1.00 / 1.00
2015 / 2	01M957	HGS42	GLOBAL STUD 9	60	PARK	1.00 / 0.00
2015 / 7	01M957	HGS42	GLOBAL STUD 9	67	PARK	1.00 / 1.00
Subject Area Average : 66.67%				Subject Area : Actual Credits / Credits Earned : 3.00 / 2.00 Credits Averaged : 3.00		
<b>Mathematics / 3</b>						
2015 / 1	01M957	MES21	ALGEBRA I	76	THOMAS	1.00 / 1.00
2015 / 2	01M957	MES22	ALGEBRA I	80	THOMAS	1.00 / 1.00
Subject Area Average : 78%				Subject Area : Actual Credits / Credits Earned : 2.00 / 2.00 Credits Averaged : 2.00		
<b>Sciences / 4</b>						
2015 / 1	01M957	SLS21	LIVING ENVIRON	86	RYAN	1.00 / 1.00
2015 / 1	01M957	SLS21QL	LIV ENVIRON LAB	P	RYAN	0.00 / 0.00
2015 / 2	01M957	SLS22	LIVING ENVIRON	90	RYAN	1.00 / 1.00
2015 / 2	01M957	SLS22QL	LIV ENVIRON LAB	P	RYAN	0.00 / 0.00
Subject Area Average : 88%				Subject Area : Actual Credits / Credits Earned : 2.00 / 2.00 Credits Averaged : 2.00		
<b>Health/Physical Education / 8</b>						
2015 / 1	01M957	PPS81	PHYSICAL ED	81	NELSON	0.50 / 0.50
2015 / 2	01M957	PPS82	PHYSICAL ED	85	NELSON	0.50 / 0.50
Subject Area Average : 83%				Subject Area : Actual Credits / Credits Earned : 1.00 / 1.00 Term Credits Averaged : 1.00		
<b>10 Exam Summary</b>						
2015	Term 2	SXRKE	LIV ENVIRO REG JUN	80		
2015	Term 2	MXREE	INT ALGEBRA REG JUN	68		
Cumulative : Actual Credits / Credits Earned : 10.00 / 9.00				Cumulative Credits Averaged : 10.00		
<b>11 Cumulative Average : 78.90%</b>						

# Kòman pou li "dosye pèmanan" an

- 1 Kazyè sa a genyen enfòmasyon debaz pou idantifye elèv la. Kontakte lekòl ou a si gen nan enfòmasyon sa yo ki pa kòrèk.
- 2 Kolòn sa a reprezante ane ak tèm lekòl la (2015/1) lè elèv la te pran kou a. Yon tèm se tout dire kou a. Elèv resevwa nòt final nan relvenòt yo nan fen chak tèm.
- 3 Kolòn sa a genyen "DBN" lekòl la oswa "Distri/Borough/Nimewo" (01M957). Li dekri lekòl kote elèv la te pran chak kou epi li teresevwa yon nòt. Lè elèv la transfere ant lekòl NYCDOE oswa te pran kou nan yon lòt lekòl NYCDOE, ap gen plizyè DBN nan relvenòt la.
- 4 Kolòn sa genyen kòd kou a (EES81), ki fè konnen kisa yo te anseye ak kòman yo te bay kou a. Tout lekòl NYCDOE itilize menm pratik pou kode kou yo.
- 5 Kolòn sa a genyen tit kou yo (ENGLISH 9), ki dekri kisa yo reyèlman anseye nan yon kou. Diferan avèk kòd yo, lekòl ka chwazi pwòp tit kou yo.
- 6 Kolòn gen nòt reyèl elèv la (86), oswa nòt final pou yon kou. Lekòl ka chwazi youn oswa plizyè echèl pou yo bay nòt (tankou A-F ak 65-100). Kèk nòt tankou, NX, NL, ak NS, yo bay yo sèlman nan sitiasyon trè ra. Kontakte lekòl ou a si w gen kesyon osijè nenpòt nòt oswa si w ta renmen jwenn yon kopi règleman lekòl ou a pou bay nòt.
- 7 Kolòn sa a genyen non enstriktè (GAUTHIER) ki te anseye kou ak ki bay nòt final la .
- 8 Kolòn sa a genyen kantite kredi chak kou bay (1.00). Kèk kou, tankou laboratwa syans ak kou preparasyon Regents, yo bon kòm eksperyans men yo pa bay kredi. Sou relvenòt la, kou sa yo ap parèt kòm 0.00 kredi.
- 9 Kolòn sa a genyen kantite kredi elèv la genyen (1.00) pou chak kou. Elèv jwenn kredi sèlman pou kou yo pase.  
Ou ka wè yon rezime kantite kredi elèv la tante ak kantite kredi elèv la jwenn anba chak seksyon domèn sijè ak nan fen relvenòt la. Si yon elèv pat pase yon kou avan, w ap wè gen mwens kredi li genyen ke kredi ki te tante. Elèv bezwen 44 kredi nan kou espesifik pou yo gradye.
- 10 Kolòn sa a genyen Nòt egzamen Regents elèv la. Lekòl gen opsyon pou yo afiche tout nòt egzamen Regents oswa jis pi gwo nòt elèv la jwenn pou chak egzamen.
- 11 Kontakte lekòl ou ye a si w gen kesyon sou kòman yo kalkile mwayèn nòt li akimile yo.